

Rezime Egzekitif



MPO REJYON BOSTON

Organizasyon planifikasyon metropoliten (MPO) yo responsab pou bay fowòm pou pran desizyon sou fason pou yo alwe fon transpò federal pou pwojè kapital ak etid planifikasyon nan yon rejyon metropolitèn gras ak yon pwosesis planifikasyon kontinyèl, konplè ak kowoperatif (3C). Chak rejyon metropolitèn Ozetazini ki gen yon popilasyon 50,000 oswa plis—ki rele tou yon zòn ibanize—lejislasyon federal egzije pou etabli yon MPO.


Zòn planifikasyon MPO Rejyon Boston an etann sou 97 vil ak vil ak vilaj soti nan nò Boston rive Ipswich, nan sid jiska Marshfield, ak nan lwès jiska Interstate 495. Figi ES-1 montre kat minisipalite manm MPO Boston Rejyon yo.

Konsèy Administrasyon MPO a gen 22 manm ki gen dwa vote. Plizyè ajans eta, òganizasyon rejyonal, ak Vil Boston se manm pèmanan ki gen dwa vote, alòske 12 minisipalite yo eli kòm manm ki gen dwa vote pou yon manda twazan. Uit manm minisipal reprezante chak nan uit sou rejyon Boston an, epi kat reprezante syèj minisipal yo. Administrasyon Federal Otowout (Federal Highway Administration (FHWA)) ak Administrasyon Federal Transpò (Federal Transit Administration (FTA)) patisipe nan konsèy MPO a kòm manm konsilitatif, ki pa gen dwa vote.

Se Pèsonèl Santral Planifikasyon Transpò a, yon gwoup planifikatè, analis done, enjenyè, ak lòt pwofesyonèl ki soutni MPO a.

Fig ES-1

Minisipalite nan rejon Boston



*Kominote se plis pase yon sou-rejon: Dover nan TRIC ak SWAP; Milton ak Needham nan ICC ak TRIC.

- | | |
|-------------------------------|---|
| <p>97</p> <p>— fwontyè yo</p> | <ul style="list-style-type: none"> ■ Reprezantan MPO nan sou-rejon vil ■ oswa komin MPO ki gen gwo reprezantasyon ■ nan Boston yo gen de reprezantan MPO |
|-------------------------------|---|

PWOGRAM TRAVAY PLANIFIKAYON INIFIYÈ (UPWP)

Yon vizyon sou 20 an gide travay MPO a pou yon sistèm transpò modèn, san danje, ekitab, aksesib, fyab, fleksib, ak dirab pou rejon an. Vizyon sa a dekri nan Plan Transpò alontèm (LRTP) MPO aktyèl la, Destinasyon 2050. Travay planifikasyon transpò ki finanse atravè UPWP a fait pati entegrand reyalizasyon vizyon reyjonal sa a.

UPWP a se yon dokiman planifikasyon pou yon ane ak plan finansye ki eksplike kijan rejon Boston an pral depanse lajan federal pou planifikasyon transpò li yo nan yon ane fiskal federal (FFY) konfòmeman ak vizyon, bi ak objektif alontèm li yo.

Developman UPWP a enplike priyorite tout travay potansyèl nan pwogram, etid ak analiz teknik planifikasyon transpò ankou MPO a ke yo ta ka antreprann opwofi rejon an pandan yon ane done yo bay. Yo dokimante pòte ak bidjè travay priyorité yo nan UPWP la. Objektif la se asire ke travay MPO a antreprann sipòte objektif transpò rejon an.

Anplis travay MPO a finanse, CTPS fè analiz planifikasyon ak etid ajans transpò ke Eta yo, tankou MassDOT, Otorite Transpò Bè Massachusetts (Massachusetts Bay Transportation Authority (MBTA)), ak Otorite Pò Massachusetts Massachusetts Port Authority (Massport) finanse

PWOGRAM AK ETID UPWP YO

Kantite total finansman (enkli finansman federal ak fon kontrepaci) ki pwogramme nan UPWP sa a se \$7,537,395. Fon sa yo soti nan FHWA ak FTA ak MassDOT ki bay lajan ki nesesè yo. Fon federal ki soti nan FHWA, ke yo rekonèt kòm fon FHWA 3C Planning (PL), yo distribye atravè rejon MPO yo gras ak yon fòmil Asosyasyon Ajans Planifikasyon Rejyonal Massachusetts devlope. Depatman Transpò Massachusetts (Massachusetts Department of Transportation (MassDOT) bay tout fon federal ki pwogramme nan UPWP a kòm fon FHWA 3C PL. Fon federal ki soti nan FTA yo konnen kòm fon Planifikasyon FTA 3C (Seksyon 5303). Alafwa fon FHWA 3C PL ak fon Planifikasyon FTA 3C ki pwogramme nan UPWP sa a gen ladann yon kontrepaci Leta. Depi 2019, MassDOT te transfere fon Seksyon 5303 ki soti nan FTA a FHWA pou yo ka administre kòm yon Sibvansyon Planifikasyon Konsolide.

MPO a itilize finansman pou mennen pwogram ak plan sa yo :

Plan Transpò alontèm (LRTP)

LRTP gide envestisman transpò pou rejon Boston pou omwen 20 ane kap vini yo epi yo aktyalize l chak kat ane. Li sèvi kòm dokiman gid MPO a lè li tabli vizyon, bi, objektif, ak apwòch envestisman reyjonal transpò MPO a opere. MPO a te adopte LRTP aktyèl la, Destinasyon 2050, an 2023, epi li espere adopte pwochen LRTP a an 2027.

Pwogram Amelyorasyon Transpò (TIP)

TIP la se yon pwogram senkan envètisman planifye, ki gen kontrent finansyèman nan sistèm transpò rejon metropoliten an ke bi ak objektif ki tabli nan LRTP a gide epi yo aktyalize l chak ane.

Pwogram Travay Planifikasyon Inifye (UPWP)

Yo devlope UPWP a chak ane epi li gen ladan l deskripsiyon ak bidjè pou travay anplwaye MPO yo pral fè pou sipòte bi ak objektif MPO yo pandan Ane fiscal Federal k ap vini an.

Pwogram Angajman Piblik la

MPO a angaje piblik la nan pwosesis planifikasyon transpò a pou amelyore desizyon y ap pran nan ede li eklere enpak sosyal, ekonomik ak anviwonman desizyon planifikasyon transpò yo. Anplwaye yo kowòdone efò angajman piblik ak Pwogram Ekite Transpò MPO a ak Konsèy Konsilitatif Transpò Rejyonal la pou asire tout manm piblik la gen opòtinite enpòtan pou patisipe nan pwosesis planifikasyon transpò ki fasone rejyon Boston an.

Planifikasyon ak pwogramasyon ki baze sou pèfòmans (PBPP)

Travay PBPP CTPS a enplike utilizasyon done pou devlope objektif pèfòmans an matyè sekirite woutye ak transpò piblik, Aktif otowout ak transpò piblik, jesyon anbouteyaj, fyabilite tan trajè, ak kalite lè ak emisyon, nan orizon anyèl, dezan, ak katran pou sistèm transpò rejyon.

Pwogram Ekite Transpò

Pwogram ekite a asire ke bezwen popilasyon sistèm transpò a mal desèvi ak reprezante tradisyonèlman nan pwosesis planifikasyon transpò a abòde nan tout pwosesis planifikasyon an. Popilasyon sa yo gen ladan popilasyon minorité, popilasyon ki gen revni fèb, moun ki gen yon konpetans limite nan anglè, granmoun aje, jèn, ak moun ki andikape.

Konfòmite a Kalite Lè ak Aktivite Sipò

Pwogram bon jan kalite lè a asire ke MPO a konfòme ak Amannman 1990 la nan Lwa sou Lè Pwòp la epi li bay ekspètiz ak sipò nan kalite lè ak klima.

Pwogram Pwosesis Jesyon Konjesyon (CMP)

Pwogram CMP a responsab pou kontwole konjesyon, mobilite, ak bezwen sekirite sistèm transpò a.

Pwogram Rezilyans Klimatik

Pwogram detèminasyon an evalye vilnerabilite yo epi kowòdone amelyorasyon rezistans pou fè fas ak risk pou rejon an ke inondasyon, elevasyon nivo lanmè, ak monte tanperati poze.

Prizanchaj planifikasyon Kago

Pwogram machandiz la prevwa politik ak enfrastrikti ki pèmèt sikilasyon kago ak machandiz pa wout, tren, dlo, ak lè.

Amelyorasyon Modèl Rejyonal yo

Pwogram sa a sipòte rechèch ak devlopman ki mennen nan amelyorasyon modèl demann vwayaj rejyonal MPO a kenbe.

Pwogram Done

Pwogram done a mennen efò estratejik pou amelyore fason yo itilize, devlope ak pataje done yo nan MPO a.

Pwogram Planifikasyon Bisiklèt ak Pyeton

Pwogram sa a sèvi ak koleksyon done, analiz, ak asistans teknik pou amelyore sekirite ak konfò pou moun k ap mache, monte bisiklèt, oswa k ap itilize aparèy èd a mobilite yo.

Pwogram Enfrastrikti Mobilite Miltimodal

Pwogram sa a fè etid sou wout, koridò, ak entèsekson pou abòde bezwen transpò rejyonal ak kominotè.

Sipò pou MPO a ak Pwosesis 3C li yo

Dapre pwogram sa a, anplwaye yo aplike règleman MPO yo, planifye ak kowòdone livrezon enfòmasyon pou pran desizyon MPO yo, epi sipòte operasyon MPO a ak komite li yo. Li enplike tou pote sipò pou jesyon reyinyon MPO ak planifikasyon ajanda.

Plan Daksyon Vizyon Zero

MPO Rejon Boston ap kreye yon Plan Aksyon Vizyon Zero pou 97 vil ak vilaj ki nan rejon Boston an. Se yon sibvansyon planifikasyon Lari ak Wout an Sekirite Pou Tout Moun (Safe Streets and Roads for All (SS4A)) ki soti nan Depatman Transpò Etazini (USDOT) ki finanse travay sa a. Nan devlopman Plan Daksyon Vizyon Zero a, MPO a pral adopte apwòch Sistèm Sekirite ki konsidere lanmò ak blesi grav inakseptab, konsantre sou sekirite pou moun, rekonèt ke moun fè erè, ak batî

aksè pou anpeche aksidan grav. Plan Daksyon Vizyon Zero a pral gen ladan analiz done aksidan yo pou idantifye tandans ak koridò ki gen gwo risk, angajman ak kominote pwoblèm sekirite woutye afekte nan yon fason ki pa pwopòsyonèl, ak fòmilasyon rekòmandasyon Politik ak Pwojè ki fonde sou prèv ak done.

Asistans teknik

Anplis pwogram ak etid ki anwo yo, MPO finanse ak fè travay asistans teknik atravè pwogram Asistans Teknik Transpò Kominotè a ak pwogram Sipò Teknik Planifikasyon Sèvis Transpò Rejyonal la.

Etid Disrè Anen Fiskal Federal 2025

Bluebikes ak Koneksyon MBTA

Anplwaye MPO yo pral aplike yon kad analistik pou egzamine efè entèripsyon sèvis transpò publik yo sou itilizasyon Bluebikes, nan objektif pou konprann nan ki mezi itilizatè regilye transpò publik yo te opte pou Bluebikes lè transpò publik pa t disponib oswa lè yo te santi I twò difisil pou itilize.

Tarifikasyon Woutye : Ekilibre Nesesite pou yon Tranzisyon nan Mobilite Dirab ak Konsiderasyon Ekite

Anplwaye MPO yo pral apiye sou yon etid resan sou Tarifikasyon Woutye pou egzamine pi byen kilomèt machin yo pakou nan nivo minisipalite a epi vize pou bay estimasyon revni ke differan estrateji tarifikasyon pwodwi. Anplwaye yo pral egzamine tou enpak differan politik tarifikasyon woutye yo sou kominote Jistis Anviwònmantal yo.

Dekarbonize sektè kago la: Eksplore potansyèl pou itilize bisiklèt kago elektrik pou livrezon machandiz premye/dènye kilomèt

Anplwaye MPO yo pral eksplore potansyèl pou etabli sant kago nan katye yo ak itilize bisiklèt kago elektrik pou livrezon machandiz premye/dènye kilomèt atravè rejon Boston an. Sistèm sa a ta ka abòde bezwen ijan pou dekarbonize sektè kago a.

Tablo ES-1 gen bidjè ki te alwe a aktivite planifikasyon 3C MPO a nan ane 2025. Tablo a reflete fon PL metwopolitèn FHWA ak fon Seksyon 5303 FTA, ke CTPS ak Konsèy Planifikasyon Rejyon Metwopoliten (MAPC) espere depanse nan ane 2025. Tablo a reflete tou travay CTPS pral fè ak fon lòt ajans transpò yo bay. Yo rezime nouvo etid yo chwazi pou finansman okou Ane Fiskal Federal 2025 la pi ba a nan Tablo ES-2.

Tablo ES-1

Bidjè Pwogram Travay Planifikasyon Inifye pou Ane Fiscal Federal 2025

Etid ak Pwogram 3C pa Kategori Bidjetè	Pwopozisyon Bidjè CTPS pou Ane Fiscal Federal 2025
Jesyon Resous ak Aktivite Sipò	\$400,000
Kondisyon pou Sètifikasiyon MPO	\$4,922,017
Analiz teknik ankou ke MPO finanse	\$148,500
Nouvo Etid Diskrè ke MPO finanse	\$150,000
Fon PL MassDOT*ke dirije	\$352,367
Asistans dirèk	\$175,000
Bidjè Total CTPS pou Anne Fiscal Federal 2025	\$6,147,884
Etid ak Pwogram 3C pa Kategori Bidjetè MAPC	Pwopozisyon Bidjè MAPC pou Ane Fiskal Federal 2025
Etid planifikasyon ak analiz teknik MAPC	\$817,511
Administrasyon, Jesyon Resous, ak Aktivite Sipò MAPC	\$572,000
Total Fon MAPC Pwogramme pou Ane Fiskal Federal UPWP 2025	\$1,389,511
Ajans ki Sipòte Travay MPO/3C	Pwopozisyon Bidjè Ane Fiskal federal 2025
CTPS	\$6,147,884
MAPC	\$1,389,511
Sou-total Bidjè 3C	\$7,537,395
Bidjè UPWP Ane Fiskal Federal 2025	\$7,537,395

Remak: Bidjè sa a gen ladan salè, frè jeneral, ak kou sipò dirèk.

* Yo mennen pwojè nan kategori sa a sou non MassDOT men yo finanse atravè kontra MPO 3C la.

Tablo ES-2
Nouvo Etid Disrè Finanse nan Ane Fiskal Federal 2025 la

ID Universe	ID Pwojè a	Etid oswa Pwogram	Pwopozisyon Bidjè CTPS pou Ane Fiskal Federal 2025
M-2	13819	Koneksyon Bluebikes ak MBTA	\$60,000
M-4	13820	Tarifikasyon Woutye: Ekilibre Nesesite pou yon Tranzisyon nan Mobilite Dirab ak Konsiderasyon Ekite	\$50,000
F-1	13821	Dekarbonize sektè kago la : eksplore potansyèl pou itilize bisiklèt kago el-ektwonik pou livrezon machandiz premye/dènye kilomèt	\$40,000
Total pou nouveau etid diskrè yo			\$150,000

ELABORE UPWP A

Pwosesis anyèl pou kreye UPWP a gen ladan tou de jenere ak evalye ide pou etid diskrè, ansanm ak mizajou chan aplikasyon ak rezulta yo atann pou pwogram ankou yo, aktivite analiz teknik, kondisyon sètifikasiyon, ak aktivite sipò administratif.

Lide pou etid, aktivite analiz teknik, ak aplikasyon pou pwogram ankou yo soti nan sous sa yo:

- Done yo te rekeyi atravè angajman publik
- Done yo te rekeyi nan Konsèy Konsiltatif Transpò Rejyonal la
- Done yo te rekeyi nan Komite UPWP MPO a, ki sipèvize devlopman dokiman UPWP la.
- Dokiman planifikasyon ki egziste deja tankou Evelyasyon Bezwèn RTP ak plan alontèm MAPC pou yon kwasans entelijan nan rejon Boston an.
- Direktiv FHWA ak FTA emèt
- Konsiltasyon ak MassDOT, MBTA, ak MAPC
- Bezwèn pèsonèl MPO yo idantifye ki soti nan entèraksyon kontinyèl ant anplwaye MPO yo, ajans leta ak lokal yo, òganizasyon, ak gwooup kominotè yo.

Angajman Biblik LA

Nan fen pwosesis devlopman dokiman an, MPO vote pou pibliye yon bouyon UPWP pou egzamen biblik la. Anplwaye MPO afiche dokiman an sou sitwèb MPO a (www.bostonmpo.org) epi anonsé piblikasyon li atravè yon lis distribisyon imel ki gen ladann kontak minisipal yo, manm piblik ki enterese yo, ak lòt moun ki gen enterè nan rejon an, ak atravè rezo sosyo. Anplwaye MPO yo mande tou opinyon piblik la pandan jounen pòt ouvè, reyinyon ak moun ki gen enterè yo, ak nan evènman piblik yo. Anplwaye MPO yo konpile kòmantè yo resevwa pandan peryòd egzamen piblik la epi prezante yo bay konsèy MPO a. Peryòd kòmantè piblik la pou UPWP Ane Fiskal Federal 2025 la te kòmanse le [] epi fini le [].

MEZIRE PWOGRÈ

MPO a kontwole pwogrè pwogram ak etid lè li fè travay sa yo :

- Apwouve pwogram ak pòte travay detaye
- Egzamine rapò sou pwogrè chak mwa
- Swiv bidjè ak depans pwogram ak etid atravè rapò chak trimès
- Apwouve divilgasyon pwodwi librab an fonksyon jan yo te reyalize objektif ki enonse nan pwogram travay la oswa pòte a epi si wi ou non yo te reyalize pwodwi livrab yo te endike yo.